



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SERI EXPO REJYONAL OPÒTINITE POU MWBE
2019 LA**

***Ekspozisyon yo Ap Bay Enfòmasyon ak Resous pou Ede Biznis ke Minorite Ak
Fanm yo Posede yo Kontinye Rivalize pou Kontra Leta yo***

***Aktivite yo Pral Òganize nan Vil New York, New York Santral, ak Rejyon Lwès
New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Seri Ekspozisyon sou Opòtinite Antrepriz Biznis ki se Pwopriyete Fanm ak Minorite (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) Rejyonal 2019 yo, ki pral konekte MWBE yo ak ajans Eta New York yo, resous ekspè yo, enfòmasyon sou pwojè leta yo ak zouti pou aksede a opòtinite eta yo. Aktivite yo pral òganize nan Vil New York, New York Santral, ak Rejyon Lwès New York.

"Chak antreprenè nan New York ta dwe gen menm opòtinite pou yo rivalize pou kontra leta yo, devlope biznis yo epi reyisi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan twò lontan, fanm ak moun nwa yo te fè fas a dezavantaj estriktirèl, men pwogram MWBE New York ki ap mennen nan nasyon an ap chanje tandans sa a. Seri Ekspozisyon sou Opòtinite pou MWBE Rejyonal 2019 yo pral ranfòse efò ki reyisi ke nou ap fè pou sipòte MWBE yo epi konstwi yon ekonomi enklizif, ki ap pwospere pou tout moun ki nan Empire State."

"Antan ke yon moun ki te ede kòmanse plizyè biznis fanm yo posede, mwen konnen defi ki genyen pou rive jwenn kapital ak anpil lòt baryè ki genyen ankò," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ekspozisyon sou Opòtinite pou MWBE anyèl yo ap kraze baryè yo epi ede antreprenè fanm ak minorite yo elve biznis yo nan yon lòt nivo. New York ap mennen nan nasyon an ak yon angajman san presedan anvè MWBE yo, nan etabli pi gwo objektif itilizasyon nan nasyon an epi kontinye ajoute sou efò sa yo atravè Eta a."

Seri Ekspozisyon sou Opòtinite pou MWBE Rejyonal 2019 yo, ki sipòte pa [Divizyon Devlopman Biznis Fanm ak Minorite yo \(Division of Minority and Women's Business Development\)](#) ki nan Empire State Development lan ak patnè Eta lokal yo, pral gen panèl diskisyon, enfòmasyon pwojè rejyonal yo ak atelye sou sètifikasyon pou MWBE Eta New York yo ak resous devlopman biznis yo. Li pral gen ladan tou KAN FÒMASYON MWBE Eta New York la (MWBE BOOT CAMP), ki ap konekte MWBE yo ak resous asistans teknik rejyonal yo tankou Sant Devlopman Ti Biznis yo (Small Business Development Centers), opòtinite rezo yo ak antrepriz siperyè yo, Sant Apwovizyonman ak Asistans Teknik yo (Procurement & Technical Assistance Centers) ak Pwogram Asistans Antreprenarya (Entrepreneurial Assistance Program).

Ekspozisyon yo pral gen ladan tou enfòmasyon sou pwogram asistans finansye ak teknik ke Eta a te bay sipò yo, ki gen ladan [Pwogram Prè "Bridge to Success \(Pon pou Sikse\)" a ak Pwogram Asistans Lyezon Asirans Eta New York lan \(New York State Surety Bond Assistance Program\)](#).

Prezidan Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare, "Li krisyal pou nou sipòte Biznis ki se Pwopriyete Fanm ak Minorite yo pou asire ke chak moun New York gen opòtinite egal ego pou vanse - epi antreprenè sa yo pa gen pi gwo defansè pase Gouvènè Cuomo. Senk ane de sa, Gouvènè Cuomo te etabli pi gwo objektif apwovizyonman MWBE nan nasyon an, epi jodi a nou sou pwen rive atenn 30 pousan itilizasyon. Mwen espere ke moun New York yo ki atravè eta a pral patisipe nan Ekspozisyon sa yo, enfòmasyon sou resous ki disponib yo, epi ede nou ekspozite divèsite Empire State".

Ogmantasyon itilizasyon konpayi MWBE yo nan kontra eta yo se kle reyisit pwogram MWBE New York lan. An 2014, Gouvènè Cuomo te etabli objektif pou apwovizyonman MWBE yo rive atenn 30 pousan nan kontra eta yo - ki se pi gwo objektif ki genyen konsa nan nasyon an. Nan Ane Fiskal 2017-2018 lan, kantite itilizasyon MWBE yo te ogmante rive 28.6 pousan, ak MWBE yo ki ap resevwa 2.5 milya dola nan kontra Eta yo - ki ogmante de mwens pase 10 pousan epi pi ba pase 100 milyon dola an 2010.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, gen prèske 7,500 MWBE ki te sètifye depi 2011. Repètwa Konpayi ki Sètifye yo nan Eta New York (New York State Directory of Certified Firms) aktyèlman gen plis pase 8,500 konpayi ki sètifye, epi li se youn nan pi gwo lis konpayi MWBE ki pare yo, ki vle epi ki kapab travay sou kontra piblik nan peyi a.

Orè Ekspozisyon rejyonal 2019 yo disponib anba la a:

Vil New York

Vandredi 7 Jen
New York City College of Technology
285 Jay Street
Brooklyn, NY 11201

Central New York

Jedi 27 Jen
Cayuga Community College
197 Franklyn Street
Auburn, NY 13021

Rejyon Lwès New York

Jedi 25 Jiyè
University of Buffalo
Educational Opportunity Center
555 Ellicott Street
Buffalo, NY 14203

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)